



Ubushuhe bwizewe

- Kuba ufise icuma kandi gikora gipima imyotsi ya karubone munzu yawe. Karubone monoxyde ni umwotsi wica kandi ntugira irangi canke akamoto winyegaza mu nzu nimba isoko ry'ubushuhe ritagira icuma gitanga umuyaga neza, canke nimba imoteri itanga umuyagankuba yakoresherejwe mu nzu.
- Ntiwigere ukoresha icuma gishusha "utazi neza" nk'icotsa inyama canke ifuru kuko bishobora gutuma haduka umuriro canke umwotsi wa monoxide.
- Raba neza ko ivyuma vyose bishusha bisa neza kandi biri hanze neza y'inzu, nimba bitari uko, umwotsi wica wa karubone ushobora kwinyegaza mu nzu. Ibibanza vyo gushuhirizamwo biri mu bikekwa kuzibirwa n'amabarafu yarundanye, genzura ivyuma bitanga umuyaga kandi ukuremwo amabarafu n'ibindi bicafu nk'uko bikenewe.
- Nimba uriko urakoresha imoteri itanga umuyagankuba ku mvo iyariyo yose, wokwama uyikoresha iri hanze kandi kure y'amadirisha n'imiryango. Imyotsi isohoka mu moteri itanga umuyagankubani irindi soko rya karubone monoxide.
- Ku yandi makuru yizewe yo mu gihe c'imbeho, ja ku gisata c'amagara y'abantu c'i Vermont kijejwe ubwirinzi bwo mu mbeho
- Bika ico arico cose gishobora gusha n'imiburiburi intambuko zitanu kuva ahari icuma gitanga ubushuhe.
- Suzuma urugero rw'amavuta canke igitoro kiri mu cuma gishusha imbere y'uko imbeho iza canke igihuhusi. Ugutangwa kw'ibintu kurashobora guteba bivanye n'ikirere canke ababirondera benshi, raba rero ko ufise ibikwiye.